

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa mangrupa salah sahiji alat makéna basa pikeun jalan komunikasi manusa, boh ngagunakeun basa lisan atawa basa tinulis. Dina enas-enasna kaparigelan basa aya opat nya eta ngaregepkeun, nyarita, nulis jeung maca. Salah sahiji kagiatan makéna basa anu ngagunakeun basa tinuliss jeung kaasup kana kagiatan anu produktif nya éta maca.

Maca mangrupa salah sahiji kaparigelan makéna basa nu kudu dipimilik ku unggal jalma, sabab ku jalan maca urang bakal meunang sagala pangaweruh sarta rupa-rupa informasi anu kawilang penting. Maca mangrupa modal dina kahirupan jeung diperlukeun dina sagala widang, boh widang atikan boh dina widang kamasarakatan. Nilik kana hal anu ditétélakeun diluhur, katitén yén kaparigelan maca nyicingan kalungguhan anu penting. Komo deui di era globalisasi siga kiwari, sakur informasi bisa katiténan tina maca.

Nurutkeun Tarigan maca, maca nya éta *“Suatu proses yang dilakukan serta dipergunakan oleh pembaca untuk memperoleh pesan yang hendak disampaikan oleh penulis melalui media kata-kata/media tertulis.”*, sedengkeun kamampuh maca nya éta ngadumaniskeun antara gancangna maca jeung kamampuh maham (nyangkem) eusi kalawan gembleng. Dumasar kana pamadegan éta nétélakeun yén kamampuh maca ngabogaan fungsi pikeun nyangking informasi anu ditepikeun ku cara ngagunakeun media tinulis.

Pentingna kaparigelin maca bakal leuwih karasa lamun dipakuat-kaitkeun jeung fungsi pangajaran maca. Aya dua fungsi maca, nya éta :

- 1) Fungsi utama maca nya éta fungsi édukatif, nu di jerona ngawengku fungsi ngajaga lumangsungna pendidikan jeung pangajaran maca hususna, sarta ngabina siswa dina widang pangajaran maca.
- 2) Fungsi kadua nya éta fungsi tambahan atawa fungsi panglengkep, anu ngawengku fungsi sosial jeung instruméntal.

Nilik kana fungsi diluhur, bisa dicindekeun yén tujuan utama maca nya éta pikeun maca pamahaman. Maksudna, mampuh nyangking ma'na atawa harti tina hal anu dibacana. Sedengkeun tujuan sejenna nya éta pikeun ngajén atawa parigel nyieun tinimbang tina hal anu dibacana, tur parigel méré tanggapan kana eusi jeung basa nu dipaké pangarangna. Tujuan maca anu samodel kitu sarua jeung tujuan aprésiasi.

Squer jeung Taba dina Aminuddin (1987 : 34), nétélakeun yén aprésiasi téh mangrupa proses anu ngalibetkeun tilu unsur nya éta a) aspék kognitif, b) aspék émotif, jeung c) aspék évaluatif. Aspék kognitif patali jeung intelektual atawa pangaweruh maca dina kagiatan nu aya pakuat-kaitna antara unsur kasusastraan anu sifatna objektif. Aspék émotif patali jeung unsur émotif nu maca dina usaha ngajiwaan unsur-unsur kaendahan dina téks-téks sastra nu dibacana. Aspék évaluatif patali jeung méré ajén alus goréng, éndah teu éndah, luyu teu luyu kana karya sastra anu dibacana sarta sajumlahing kriteria sejen anu kudu aya dina kritik sastra.

Pamadegan diluhur taya bédana jeung nu ditétélakeun ku Effendi dina Aminuddin (1987 : 35), yén aprésiasi sastra téh nya éta "*Kegiatan menggauli karya*

*sastra secara sungguh-sungguh sehingga menumbuhkan pengertian, penghargaan, kepekaan pikiran kritis dan kepekaan perasaan yang baik terhadap karya sastra”.*

Dina tiori nu dijenjénkeun di luhur katitén yén maca téh raket patalina jeung kagiatan aprésiasi, tapi dina jaman kiwari minat maca siswa hususna siswa SMA geus teu loba deui, komo deui maca pikeun kagiatan ngaprésiasi hiji karya geus jarang pisan dilakonan ku siswa, lolobana siswa maca ngan saukur keur kagiatan hiburan tapi maca anu mé,an dipancénkeun ku guruna di sakola lain keur maca pmahaman anu satuluyna pikeun kagiatan aprésiasi.

Dumasar kana hal éta, antara tujuan jeung kagiatan aprésiasi kana karya sastra mibanda hubungan sarta mibanda kasaluyuan anu bisa silih lengkepan pangaruhna. Pikeun mikanyaho aya henteuna hubunga antara kamampuh maca jeung kamampuh ngaprésiasi kudu di ayakeun panalungtikan kana hal éta. Ieu masalah geus kungsi aya nu nalingtik nya éta ku Ani Yulianti dina skripsina nu judulna **“Korelasi antara Kamampuh Maca Jeung kamampuh ngapresiasi dongeng siswa kelas II SMP I Tanjungsari taun ajar 2004/2005”** dina taun 2004, nurutkeun panyusun panalungtikan ngeunaan pangaruhna kamampuh maca kana ngapresiasi karya sastra hususna kana carpon pikeun siswa SMA can kungsi aya. Ku sabab éta, panyusun nalungtik ngeunaan **“KORELASI ANTARA KAMAMPUH MACA JEUNG KAMAMPUH NGAPRESIASI CARPON SISWA KELAS X SMA PASUNDAN I BANDUNG”**.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dina unggal panalungtikan geus pasti bakal aya masalah anu kudu diréngsékeun. Nu jadi pasualan dina ieu panalungtikan nya éta kaparigelan kamampuh maca kana ngaprésiasi karya sastra. Sangkan leuwih museur jeung leuwih jentré panyusun ngawatesanan panalungtikan ngan saukur nalungtik dina widang maca pamahaman jeung widang aprésiasi kana unsur instrinsik carpon nu ngawengku téma, alur/plot, latar/setting jeung palaku/tokoh.

### **.1.2.2 Rumusan masalah**

Sangkan leuwih jentré, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pertanyaan, saperti ieu dihandap.

1. Kumaha tingkat kamampuh maca siswa SMA PASUNDAN I Kelas X ?
2. Kumaha kamampuh ngapresiasi unsur-unsur instrinsik carpon siswa SMA PASUNDAN I Kelas X ?
3. Kumaha korelasi antara maca pamahaman jeung kamampuh ngaprésiasi carpon siswa SMA PASUNDAN I Kelas X ?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Patali jeung rumusan masalah anu geus diébrehkeun di luhur, tujuan nu dipiharep dina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun ngadeskripsikeun.

1. Kamampuh maca siswa SMA PASUNDAN I kelas X.
2. Kamampuh ngaprésiasi siswa SMA PASUNDAN I kelas X.
3. Korélasi antara kamampuh maca jeung kamampuh ngaprésiasi karya sastra hususna carpon siswa SMA PASUNDAN I kelas X.

#### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Hasil dina ieu panalungtikan nya éta déskripsi ngeunaan korélasi antara kamampuh maca jeung kamampuh ngaprésiasi karya sastra husuna carpon siswa SMA PASUNDAN I kelas X, ieu deskripsi nuduhkeun ayana timbal balik antara kamampuh maca kana kamampuh ngaprésiasi carpon siswa kelas X.

Dumasar kana katerangan di luhur, ieu panalungtikan téh mibanda mangpaat nya éta.

1. Keur nu nalungtik, méré gambaran yén aspék maca jeung ngaprésiasi téh mibanda pangaruh anu kawilang penting hususna pikeun siswa SMA.
2. Pikeun lembaga, méré gambaran ka guru-guru basa jeung sastra yén aspék maca mangrupa salah sahiji cara pikeun numuwuhkeun minat siswa kana ngaprésiasi karya sastra hususna carpon.
3. Mangrupa tambahan karya ilmiah gcusan ngeuyeuban elmu pangaweruh, dina widang maca jeung apresiasi karya sastra hususna carpon.

## 1.5 Wangenan Operasional

Sangkan teu nimbulkeun salah tafsir, istilah-istilah dina ieu panalungtikan ditetelakeun ieu dihandap.

1. Korelasi nya éta *hubungan antara variable nu hiji (x) jeung variable lain (y)*.  
Korelasi dina ieu panalungtikan nya éta salah sahiji teknik statistik pikeun neangan patalina variable x (kamampuh maca) jeung variable y (ngaprésiasi carpon).
2. Kamampuh maca nya éta salah sahiji kaparigelan makéna basa anu mangrupa kaparigelan performansi tinulis pikeun nyangking eusi bacaan.
3. Kamampuh ngaprésiasi nya éta kamampuh méré ajén-ajén anu nyangkaruk dina warnaning seni jeung budaya.
4. Carpon nya éta karangan tinullis rékaan atawa fiksi wangun lancar, prosa naratip.
5. Didi Maok Deui mangrupa salasahiji judul carpon karya Yus R, nu dimuat dina majalah Sunda *Manglé* édisi 1883.

## 1.6 Anggapan Dasar

Nurutkeun Suyatna (2002:9) Anggapan Dasar nya éta

*“Segala kebenaran teori atau pendapat yang dijadikan landasan penelitian. Segala kebenaran teori dan pendapat yang dijadikan pegangan itu dipersoalkan lagi betul atau salahnya. Pada prinsipnya segala sesuatu dapat diterima oleh semua pihak tanpa harus di uji.”*

Dumasar kana hal anu dijentrekeun diluhur, ieu panalungtikan mibanda anggapan dasar, saperti dihandap ieu :

1. Kamampuh maca mangrupa salah sahiji kaparigelan makéna basa.
2. Kamampuh maca bisa mangaruhan kana kamampuh ngaprésiasi karya sastra hususna carpon.
3. Pangajaran aprésiasi carpon aya dina Kurikulum KTSP basa Sunda pikeun SMA
4. Pangajaran aprésiasi carpon mangrupa bagian tina pangajaran apresiasi sastra.

### 1.7 Hipotesis

Numutkeun Suyatna (2002:8) Hipotesis nya éta

*“Suatu jawaban yang bersifat sementara atau masalah yang diteliti lebih lanjut melalui penelitian yang bersangkutan.”*

Dumasar kana pamadegan di luhur, ieu pananlungtikan mibanda hipotésis, yén kaparigelan maca mangaruhan kana ngaprésiasi carpon siswa kelas X SMA.

